

Trikomyas - Fèy Enfòmasyon CDC



Pi fò moun ki gen trikomonyas pa gen okenn sentòm.

Kisa trikomonyas la ye?

Trikomyas (oswa “trik”) se yon maladi kouran moun pran nan fè bagay (MST). Li rive akòz yon enfeksyon ak yon parazit pwotozowan yo rele *vajinalis trikomonaz*. Byenke sentòm maladi a varye, pi fò moun ki gen parazit la pa kapab di yo enfekte.

Jis nan ki pwen trikomonyas kouran?

Trikomyas se MST yo trete ki pi kouran. Nan peyi Etazini, yo kalkile 3.7 milyon moun k ap viv avèk enfeksyon an. Sepandan, sèlman apeprè 30% devlope sentòm trikomonyas. Enfeksyon an rive pi souvan kay fanm pase kay gason. Fanm pi granmoun gen plis chans pase jèn fanm pou yo enfekte ak trikomonyas.

Kijan moun gen trikomonyas?

Parazit la soti nan yon moun enfekte pou ale kay yon moun ki pa enfekte pandan y ap fè bagay. Kay fanm, pati nan kò a ki pi souvan enfekte se aparèy jenital anba (vilv, vajen, sèviks oswa irèt). Kay gason, pati kò a ki pi souvan enfekte se anndan penis lan (irèt). Pandan y ap fè bagay, parazit la anjeneral soti nan yon peni pou ale nan yon vajen, oswa soti nan yon vajen pou ale nan yon peni. Li ka tou soti nan yon vajen pou ale nan yon lòt vajen. Sa pa fasil pou parazit la enfekte lòt pati nan kò a, tankou men, bouch, oswa anis. Nou pa twò konnen poukisa kèk moun ki gen enfeksyon an gen sentòm alòske lòt pa genyen. Sa petèt depann de kèk faktè tankou laj yon moun ak sante jeneral li. Moun enfekte san sentòm ka toujou pase enfeksyon an bay lòt moun.

Ki siy ak sentòm trikomonyas?

Apeprè 70% moun enfekte pa gen ankenn siy oswa sentòm. Lè trikomonyas vini ak sentòm, yo gendwa klase I kòm iritasyon mwayen rive enflamasyon grav. Kèk moun ki gen sentòm pran yo nan 5 rive 28 jou apre yo enfekte. Gen lòt moun ki tann lontan anvan yo devlope sentòm. Sentòm yo ka ale vini.

Gason ki gen trikomonyas ka remake:

- Gratèl oswa iritasyon anndan peni yo;
- Boule apre pipi oswa ejakilasyon;
- Yon ekoulman kap soti nan peni yo.

Fi ki gen trikomonyas ka remake:

- Gratèl, boule, po wouj oswa doulè nan pati jenital yo;
- Malèz lè y ap pipi;
- Yon chanjman nan pèt (ekoulman) kap soti nan vajen an (sètadi ekoulman fen oswa pi gwo volim) ki ka klè, blan, jòn oswa vèt ak yon sant pwason ki pa nòmal.

Lè w gen trikomonyas sa ka rann li pa konfòtab pou fè bagay. San trètman, enfeksyon an ka dire plizyè mwa oswa menm ane.

Ki konplikasyon trikomonyas genyen?

Trikomonyas ka ogmante risk pou pran oswa simaye lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay. Pa egzansp, trikomonyas ka lakòz enflamasyon pati jenital yo sa ki rann li pi fasil pou w enfekte ak VIH, oswa pou pase viris VIH la bay yon patnè sèks.

Kijan trikomonyas ka afekte yon fanm ansent ak bebe li a?

Fanm ansent ki gen trikomonyas gen plis chans pou yo akouche twò bonè (akouchman prematire). Epi tou, ti bebe ki fèt pandan manman yo enfekte gen plis chans pou yo pa peze anpil lè yo fèt (mwens pase 5.5 liv).

Kijan yo dyagnostike trikomonyas?

Se pa posib pou diyagnostike trikomonyas sou baz sentòm sèlman. Pou gason ak fanm anmenmtan, founisè swen sante ka egzamine ou epi mande yon tès laboratwa pou dyagnostike trikomonyas la.

Ki trètman ki genyen pou trikomonyas?

Trikomonyas ka trete ak medikaman (swa metwonidazol oswa tinidazol). Yo vale grenn sa yo. Li pi bon pou fanm ansent pran medikaman sa. Li pa bon pou bwè alkòl pandan 24 èdtan apre ou fin pran medikaman sa.

Moun ki jwenn trètman pou trikomonyas ka pran li ankò. Apeprè 1 moun sou 5 moun pran enfeksyon an ankò sou 3 mwa apre li fin resevwa trètman. Pou pa enfekte ankò, asire w tout patnè sèks ou yo jwenn trètman. Epi tou, tann 7 a 10 jou apre oumenm ak patnè w la fin trete anvan nou fè bagay ankò. Al fè tès ankò si sentòm ou yo tounen.

Kijan nou ka fè prevansyon trikomonyas?

Sèl fason pou evite MST yo se pa fè sèks nan vajen, nan dèyè ak nan bouch.

Si w fè bagay regilyèman, ou ka fè sa k annapre yo pou bese chans pou trape trikomonyas:

- Antann ak patnè w pou nou gen yon relasyon estab avèk yon sèl patnè ki te fè tès epi rezilta tès MST yo soti negatif;
- Sèvi ak kapòt latèks nan fason ki kòrèk la chak fwa w ap fè bagay. Sa kapab bese chans pou gen trikomonyas. Men, parazit la ka enfekte zòn ki pa kouvri avèk yon kapòt, poutèt sa kapòt ka pa ba ou tout pwoteksyon pou pa pran trikomonyas.

Yon lòt fason se pale sou danje posib MST a anvan ou fè bagay avèk yon nouvo patnè. Konsa ou ka fè chwa eklere sou nivo risk ou dakò ak li a nan aktivite sèks ou.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen gen kesyon sou trikomonyas oswa nenpòt lòt MST, pale ak yon pwofesyonèl swen sante.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Division of STD Prevention (DSTDP)
Centers for Disease Control and Prevention
www.cdc.gov/std

CDC-INFO Contact Center
1-800-CDC-INFO
(1-800-232-4636)
<https://wwwn.cdc.gov/dcs/ContactUs/Form>

CDC National Prevention Information Network (NPIN)
<https://npin.cdc.gov/disease/stds>
P.O. Box 6003
Rockville, MD 20849-6003
E-mail: npin-info@cdc.gov

American Sexual Health Association (ASHA)
<http://www.ashasexualhealth.org/stdsstis/>
P. O. Box 13827
Research Triangle Park, NC
27709-3827
919-361-8488